प्रश्न पुस्तिका क्रमांक / Question Booklet Serial No. :

# SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2026

## माध्यमिक स्कूल परीक्षा– 2026

| प्रश्न पुस्तिका सेट कोड<br>**Question Booklet Set Code** |
|---|
| |

(ANNUAL／वार्षिक )

MODEL QUESTION PAPER

विषय कोडः Subject Code: **104**

MAITHILI (MT)

मैथिली (मातृभाषा)

कुल प्रश्नः 100+6 = 106
Total Questions: 100 + 6 = 106

कुल मुद्रित पृष्ठः 22
Total Printed Pages: 22

(समय : 3 घंटे 15 मिनट)
[Time : 3 Hours 15 Minutes]

(पूर्णांक : 100)
[Full Marks : 100]

---

**परीक्षार्थियों के लिए निर्देश ／ Instructions for the candidates :**

1. परीक्षार्थी OMR उत्तर पत्रक पर अपना प्रश्न पुस्तिका क्रमांक (10 अंकों का) अवश्य लिखें।
2. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
3. दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
4. प्रश्नों को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए परीक्षार्थियों को 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
5. यह प्रश्न–पुस्तिका दो खण्डों में हैं – खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
6. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, जिनमें किन्हीं 50 प्रश्नों का उत्तर देना अनिवार्य है। 50 प्रश्नों से अधिक का उत्तर देने पर प्रथम 50 उत्तरों का ही मूल्यांकन होगा। प्रत्येक प्रश्न के लिए 1 अंक निर्धारित है। सही उत्तर को उपलब्ध कराये गये OMR उत्तर–पत्रक में दिये गये सही विकल्प को नीले／काले बॉल पेन से प्रगाढ़ करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर／तरल पदार्थ／ब्लेड／नाखून आदि का OMR उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना मना है, अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य होगा।
7. खण्ड–ब में 6 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं।
8. किसी प्रकार के इलेक्ट्रॉनिक उपकरण का प्रयोग पूर्णतया वर्जित है।

StudyRaw.com

## खण्ड–अ

## (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 1 सँ 100 धरिक प्रत्येक प्रश्नक संग चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि, जाहिमे एक सही अछि। सही विकल्प चुनिकय OMR शीटमे भरू। निम्नमे कोनो 50 प्रश्नक उत्तर दिअ। $50 \times 1 = 50$

1. 'चन्द्रमुखी' शीर्षक रचयिता छथि :

   (A) लिली रे (B) जयकान्त मिश्र

   (C) राजमोहन झा (D) विभारानी

2. चन्द्र भानु सिंहक रचना अछि :

   (A) एड्सक काल नाग (B) हऽ आब भेल वर्षा

   (C) समय–साल (D) वन्दना

3. 'क्रैक' ड्राइवर छल :

   (A) टेम्पूक (B) बसक

   (C) टैक्सीक (D) ट्रकक

4. प्रत्येक जीव–जन्तु लेल सभसँ बेसी आवश्यक अछि :

   (A) हवा (B) पानि

   (C) वनस्पति (D) भोजन

StudyRaw.Com

5. कथा संग्रह पर 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार भेटल छैक :

(A) झूठ–साँच
(B) आइ काल्हि परसू
(C) यथार्थ
(D) खोहसँ निकसइत

6. विद्यापतिक रचनाक भाषा छल :

(A) संस्कृत
(B) अवहट्ठ
(C) मैथिली
(D) उक्त तीनू

7. याज्ञवल्क्यक पत्नी छलथिन :

(A) कात्यायनी
(B) मैत्रेयी
(C) गार्गी
(D) (A) आओर (B) दूनू

8. मांगन खवासक स्वरसाधनाकेँ नष्ट करबा लेल खुआ देल गेलनि :

(A) भांग
(B) धथूर
(C) सिनूर
(D) देशी शराब

9. 'जीवन चक्र' चित्रकलाक रचयिता छलीह :

(A) गोदावरी दत्त
(B) महासुन्दरी देवी
(C) गंगा देवी
(D) सीता देवी

10. 'ल' वर्णक उच्चारण स्थान थिक –

(A) कण्ठ
(B) तालु
(C) दन्त
(D) मूर्द्धा

StudyRaw.Com

11. उद्‌गमक आधारपर शब्दक भेद होइछ –

(A) तीन
(B) चारि
(C) पाँच
(D) छओ

12. 'आमक घोड़ुछा' उदाहरण थिक –

(A) व्यक्तिवाचक संज्ञाक
(B) द्रव्यवाचक संज्ञाक
(C) समूहवाचक संज्ञाक
(D) भाववाचक संज्ञाक

13. 'परबा' शब्द लिंग भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) पुँल्लिंग
(B) स्त्रीलिंग
(C) नपुंसक लिंग
(D) उभयलिंग

14. 'बुड़िबक' शब्द, शब्दभेदक अन्तर्गत अबैछ

(A) संस्कृत तत्सम
(B) तद्‌भव
(C) देशज
(D) विदेशज

15. ''ओ की कय रहल छलाह'' मे 'ओ' थिक –

(A) पुरुषवाचक सर्वनाम
(B) सम्बन्धवाचक सर्वनाम
(C) निश्चयवाचक सर्वनाम
(D) अनिश्चयवाचक सर्वनाम

16. 'कारक'क भेद होइछ –

(A) चारि
(B) पाँच
(C) सात
(D) आठ

StudyRaw.Com

17. 'पाग राखब' केर अभिप्राय होइछ –

(A) माथपर पाग राखब
(B) माथ झाँपब
(C) प्रतिष्ठा बचाएब
(D) प्रतिष्ठित बनब

18. 'दसक लाठी एकक बोझ' केर अभिप्राय होइछ –

(A) एकटा बोझमे दस लाठी रहैछ
(B) एकटा बोझक लेल दस लाठी चाही
(C) दसक सहयोगसँ एकक उद्धार
(D) सहयोग करक चाही

19. 'पवित्र'क सन्धि–विच्छेद उदाहरण थिक –

(A) दीर्घ सन्धिक
(B) गुण सन्धिक
(C) वृद्धि सन्धिक
(D) अयादि सन्धिक

20. भारतक संविधानमे दस मौलिक कर्त्तव्य जोड़ल गेल –

(A) 41म संविधान संशोधन द्वारा
(B) 42म संविधान संशोधन द्वारा
(C) 44म संविधान संशोधन द्वारा
(D) 45म संविधान संशोधन द्वारा

21. अशोक लिखैत छथि –

(A) कविता
(B) कथा
(C) निबंध
(D) उक्त तीनू

22. 'मधुप'क कविताक शीर्षक अछि –

(A) वन्दना
(B) एड्सक काल नाग
(C) भावि भरदुतिया विधान हे
(D) हाथ

StudyRaw.Com

23. विद्यापति रचित 'शिवगीत' अबैत अछि –

(A) नचारीक अन्तर्गत
(B) महेशबानीक अन्तर्गत
(C) श्रृँगारक अन्तर्गत
(D) शान्त रसक अन्तर्गत

24. मैथिली साहित्यमे राम आधारित प्रथम महाकाव्यक रचयिता छथि –

(A) सीताराम झा
(B) सुरेन्द्र झा 'सुमन'
(C) चन्दा झा
(D) काशीकान्त मिश्र 'मधुप'

25. 'शिक्षक' शब्दक स्त्रीलिंग रूप होइछ –

(A) शिक्षिका
(B) शिक्षका
(C) शिक्षीका
(D) शिक्षकी

26. 'राजा' शब्दक पर्यायवाची अछि –

(A) महर्षि
(B) सुरेश
(C) नरेश
(D) राजर्षि

27. राजा मिथि ज्ञान प्राप्त कयने रहथि –

(A) भार्गव ऋषिसँ
(B) गौतम ऋषिसँ
(C) याज्ञवल्क्य ऋषिसँ
(D) पराशर ऋषिसँ

28. आइओ अशोक स्तम्भ विद्यमान अछि –

(A) लौरियामे
(B) कुशीनगरमे
(C) वैशालीमे
(D) मुजफ्फरपुरमे

StudyRaw.Com

29. भीमराव अंबेदकर लंदन स्कूल ऑफ इकॉनोमिक्समे पढ़लनि –

(A) इकॉनोमिक्स (B) लॉ

(C) राजनीतिशास्त्र (D) धर्मशास्त्र

30. 'श्रृंगार भजन' मे छपल गीतक संग्रह कयने रहथि –

(A) यात्री (B) सुभद्र झा

(C) चन्दा झा (D) गोविन्ददास

31. सुभद्र झाकें 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार देल गेल रहनि –

(A) 1980 ई० मे (B) 1982 ई० मे

(C) 1984 ई० मे (D) 1986 ई० मे

32. 'साहित्य अकादेमी' द्वारा पुरस्कृत अछि –

(A) प्रवास जीवन (B) सॉंग्स ऑफ विद्यापति

(C) नातिक पत्रक उत्तर (D) मैथिली व्याकरण मीमांसा

33. माँगन खवासक कंठमे माधुर्य छल –

(A) गीटारक (B) सितारक

(C) बाँसुरीक (D) हारमोनियमक

34. 'ओकरा आँगन बारहमासा'क लेखक छथि –

(A) महेन्द्र मलंगिया (B) लिली रे

(C) राजकमल चौधरी (D) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'

StudyRaw.Com

35. 'माँ' शीर्षक कविता सम्बोधित कयल गेल अछि –

(A) पिताकेँ
(B) दीदीकेँ
(C) बेटीकेँ
(D) बेटाकेँ

36. 'रौदी अछि–चेतना गीत' गओने छथि –

(A) तारानन्द वियोगी
(B) सुकान्त सोम
(C) विद्यानाथ झा 'विदित'
(D) बुद्धिनाथ मिश्र

37. बच्चाकेँ जीवनाकाशक ध्रुवतारा कहलनि अछि –

(A) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'
(B) उदयचन्द्र झा 'विनोद'
(C) तारानन्द वियोगी
(D) रवीन्द्रनाथ ठाकुर

38. 'अ' वर्ण कहाइत अछि –

(A) ह्रस्वस्वर
(B) दीर्घस्वर
(C) सन्ध्यक्षर
(D) प्लुतस्वर

39. 'ओ' वर्णक उच्चारण स्थान थिक –

(A) दन्त आ ओष्ठ
(B) कण्ठ आ ओष्ठ
(C) कण्ठ आ तालु
(D) ओष्ठ

StudyRaw.Com

40. आकाशमे चलनिहार कहाइत अछि –

(A) खेचर | (B) आकाशगामी

(C) नभचर | (D) (A) आ (B) दूनू

41. 'अनुलोम' शब्दक विपरीतार्थक होइछ –

(A) प्रतिलोम | (B) विलोम

(C) सुलोम | (D) आधारहीन

42. 'त्रिमासिक' शब्दक शुद्ध रूप होइछ –

(A) त्रयमासिक | (B) त्रैमासिक

(C) तृमासिक | (D) तिमाही

43. 'पुस्तकालय' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ –

(A) पुस्तक + आलय | (B) पुस्तक + लय

(C) पु + अस्तकालय | (D) पुस्तका + लय

44. 'दिगम्बर' (महादेव) शब्द समास भेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) बहुब्रीहि | (B) तत्पुरुष

(C) कर्मधारय | (D) द्विगु

45. 'निमि' शापित भेल रहथि –

(A) वशिष्ठद्वारा | (B) विश्वामित्रद्वारा

(C) इन्द्रद्वारा | (D) याज्ञवल्क्यद्वारा

StudyRaw.Com

46. चन्दा झाक पैतृक गाम छलनि :

(A) ठाढ़ी
(B) तरौनी
(C) पिण्डारुछ
(D) टेकटारि

47. 'स्वागत' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ –

(A) सु + आगत
(B) स्व + आगत
(C) स्वा + गत
(D) सू + आगत

48. 'पवर्ग'क दोसर वर्ण कहाइत अछि –

(A) घोष
(B) अघोष
(C) अल्पप्राण
(D) महाप्राण

49. 'द'वर्णक उच्चारण स्थान थिक –

(A) कण्ठ
(B) दन्त
(C) मूर्द्धा
(D) ओष्ठ

50. 'पीठ ठोकब' केर अभिप्राय होइछ –

(A) उत्साह बढ़ाएव
(B) बहादुर बताएब
(C) प्रशंसा करब
(D) दोषी बताएब

51. 'इन्द्र' शब्दक पर्यायवाची होइछ –

(A) सुरपति
(B) देवराज
(C) सुरेन्द्र
(D) उक्त तीनू

StudyRaw.Com

52. 'आस्तिक' शब्दक विपरीतार्थक होइछ –

(A) अधर्मी
(B) धर्महीन
(C) नास्तिक
(D) पापी

53. ''पानिपीबी छानिकऽ आ बात बाजी जानि कऽ'' ई कहबी उद्धृत अछि –

(A) 'भोजन' शीर्षकमे
(B) 'माँ' शीर्षकमे
(C) 'पर्यावरण' शीर्षकमे
(D) 'क्रैक' शीर्षकमे

54. भारतीय राष्ट्रीय कॉंग्रेसक स्थापना कयल गेल रहय –

(A) 1882 ई0 कऽ
(B) 1885 ई0 कऽ
(C) 1890 ई0 कऽ
(D) 1891 ई0 कऽ

55. महात्मा गाँधी के चम्पारण अयबा लेल बाध्य कयलथिन –

(A) राजकुमार शुक्ल
(B) अमरेन्द्र पाण्डेय
(C) रामकुमार शुक्ल
(D) शिव वर्मा

56. काशीकान्त मिश्र 'मधुप' शिक्षक छलाह –

(A) मैथिलीक
(B) संस्कृतक
(C) अंगरेजीक
(D) फारसीक

57. 'लोचन' शब्दक पर्यायवाची अछि –

(A) चक्षु
(B) आँखि
(C) नयन
(D) उक्त तीनू



StudyRaw.Com

58. विद्यापतिकेँ काव्यगुरु मानने छथि –

(A) पक्षधर मिश्र (B) गोविन्ददास

(C) मनबोध (D) चन्दा झा

59. मैथिली साहित्यक आदिकवि कहल जाइत छथि –

(A) गोविन्ददासकेँ (B) ज्योतिरीश्वरकेँ

(C) विद्यापतिकेँ (D) मनबोधकेँ

60. ''हौ बौआ गाम जाइत छह'' मे 'हौ बौआ' भेल –

(A) सम्बन्धकारक (B) सम्बोधनकारक

(C) कर्त्ताकारक (D) कर्मकारक

61. 'विजय' शब्दक विपरीतार्थक होइछ –

(A) हारब (B) पड़ा जाएब

(C) जीतब (D) पराजय

62. ''संघर्षरत जीवनक नारा होइछ .... सहारा होइछ'' – रिक्त स्थानमे होयत –

(A) जीवनक (B) जवानीक

(C) लरकपनक (D) बुढ़ापाक

63. 'जय जवान : जय किसान' नारा देल गेल रहय –

(A) जवाहर लाल नेहरू द्वारा (B) लाल बहादुर शास्त्री द्वारा

(C) सरदार बल्लभ भाइ पटेल द्वारा (D) अटल बिहारी बाजपेयी द्वारा

StudyRaw.Com

64. 'वन्दना' शीर्षकमे प्रेरक तत्त्वक वर्णन भेल अछि, ओ थिक –

(A) भारती–सन कुलबधू  (B) सीता–सन बेटी

(C) रामायण–सन ग्रन्थक रचनाकार कवि चन्द्र

(D) उक्त तीनू

65. जकर पति जीवित छैक, कहाइत छथि –

(A) सधवा  (B) अहिहव

(C) सपत्नीक  (D) (A) आ (B) दूनू

66. 'यश' शब्दसँ विशेषण बनैछ –

(A) यशस्वी  (B) यशवान्

(C) यशी  (D) उक्त तीनू

67. 'परि' उपसर्गसँ बनल शब्द थिक –

(A) परिवार  (B) पराक्रम

(C) प्रहार  (D) पराजय

68. ''तिलकेँ ताड़ बनाएब'' केर अभिप्राय होइछ –

(A) तिलक बीजसँ ताड़ उगाएब  (B) छोट बातसँ शुरू करब

(C) डींग हाँकब  (D) छोट बातकेँ पैघ बनायब

StudyRaw.Com

69. ''फूकि–फूकि कए पएर राखब'' केर अभिप्राय होइछ –

(A) आहिस्ते आहिस्ते चलब (B) डरैत चलब

(C) सोचि–विचारि कय काज करब (D) रास्ता साफ कय कऽ चली

70. पाठ्यपुस्तकक अनुसार बाबाकेँ नीक नहि लगैत छलनि –

(A) वर्गक भेद–भाव (B) जातिक बीच भेदभाव

(C) सम्प्रदायक बीच भेदभाव (D) उक्त तीनू तरहक विचार

71. 'मिथिला विल राइज'क लेखक छथि –

(A) राजकमल चौधरी (B) जकान्त मिश्र

(C) सुभद्र झा (D) लक्ष्मण झा

72. 'खोहसँ निकसइत' कथा–संग्रहक रचयिता छथि –

(A) लिली रे (B) विभारानी

(C) राजमोहन झा (D) तारानन्द वियोगी

73. अन्तरराष्ट्रीय स्तरक कलाक एकान्त साधिका छलीह –

(A) गंगा देवी (B) गोदावरी दत्त

(C) जगदम्बा देवी (D) महासुन्दरी देवी

74. यात्रीकेँ 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार देल गेल रहनि –

(A) कवितापर (B) कथापर

(C) उपन्यासपर (D) महाकाव्यपर

StudyRaw.Com

75. 'राजमंत्री' शब्द समासभेदक अन्तर्गत अबैछ –

(A) तत्पुरुष (B) कर्मधारय

(C) द्विगु (D) द्वन्द्व

76. ''हम पुस्तक पढ़ि गेल छी'' उदाहरण थिक –

(A) अपूर्ण वर्तमान कालक (B) पूर्ण वर्तमान कालक

(C) आसन्न भूत कालक (D) (B) आ (C) दूनू

77. 'हाथ' शीर्षकक रचनाकार छथि –

(A) उदय चन्द्र झा 'विनोद' (B) सुकान्त सोम

(C) तारानन्द वियोगी (D) बुद्धिनाथ मिश्र

78. भोलालाल दासक रचना अछि –

(A) चन्द्रमुखी (B) पर्यावरण

(C) राष्ट्रभाषा ओ मातृभाषा (D) क्रैक

79. 'कर्मवीर' शीर्षकक रचयिता छथि –

(A) बुद्धिनाथ मिश्र (B) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'

(C) दीनानाथ पाठक 'बन्धु' (D) सुकान्त सोम

80. तारानन्द वियोगी – 'तुमि चिर सारथी' कहने छथि –

(A) चन्दा झाकेँ (B) विद्यापतिकेँ

(C) बुद्धिनाथ मिश्रकेँ (D) वैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'केँ



StudyRaw.Com

81. 'जवाहर : जेहन देखलहुँ जेहन पओलहुँ' उद्धृत कयल गेल अछि –

(A) 'मैथिल हित साधन'सँ

(B) 'मिथिला मोद'सँ

(C) 'भाषा' पत्रिकासँ

(D) 'घर बाहर' पत्रिकासँ

82. राजमोहन झाकेँ पुरस्कार/सम्मान देल गेल छनि –

(A) 'वैदेही' पुरस्कार

(B) साहित्य अकादेमी पुरस्कार

(C) प्रबोध साहित्य सम्मान

(D) उक्त तीनू तरहक

83. ''मोहन भोजन कए विद्यालय गेल'' उदाहरण थिक –

(A) पूर्वकालिक क्रियाक

(B) प्रेरणार्थक क्रियाक

(C) विधि क्रियाक

(D) कामनात्मक क्रियाक

84. ''ककर पोथी छैक ल जाओ'' मे 'ककर पोथी' भेल –

(A) अनिश्चयवाचक विशेषण

(B) निश्चयवाचक विशेषण

(C) सार्वनामिक विशेषण

(D) संख्यावाचक विशेषण

85. मलंगियाक स्कूलक छात्र सभ बैसऽ लेल घरसँ आनैत छल –

(A) बोरा

(B) चट्टी

(C) आसनी

(D) चटुआ

StudyRaw.Com

86. 'जएह बचल सएह कमाओल' मे 'जएह', 'सएह' भेल –

(A) अनिश्चयवाचक सर्वनाम
(B) निश्चयवाचक सर्वनाम
(C) निजवाचक सर्वनाम
(D) सम्बन्धवाचक सर्वनाम

87. पो + अन = पवन, उदाहरण थिक –

(A) वृद्धि सन्धिक
(B) गुण सन्धिक
(C) यण् सन्धिक
(D) अयादि सन्धिक

88. ''घरक भेदिया लंका डाह'' केर अभिप्राय होइछ –

(A) घरक भेद जननिहार लंका डाहलक
(B) लंका डाहनिहार घरक भेदिया छल
(C) आपसी फूटसँ हानि होइछ
(D) पड़ोसीसँ मेल राखी

89. शशिकला देवीक गुरु छलथिन

(A) गोदावरी दत्त
(B) सुभद्रा देवी
(C) हरि प्रसाद मिश्र
(D) गंगा देवी

90. चन्दा झा बादमे बसि गेलाह –

(A) पिण्डारुछमे
(B) ठाढ़ीमे
(C) बड़गाममे
(D) रसियारीमे

91. मिथिलामे कर्णाटवंशक अंतिम राजा भेलाह –

(A) हरसिंहदेव
(B) कामेश्वरठाकुर
(C) भवसिंह
(D) देवसिंह

StudyRaw.Com

92. 'वेद–सम्मत'क अभिप्राय होइछ –

(A) वेदसँ स्वीकृत
(B) वेदक अनुरूप
(C) सनातनसँ मान्य
(D) उक्त तीनू

93. ''जख़न नीक दिन अबैत छैक तँ माटि धूलासँ सोन भऽ जाइछ'' उक्ति अछि –

(A) सुभद्र झाक
(B) भाग्यनारायण झाके
(C) सुरेन्द्र झा 'सुमन'क
(D) चन्दा झाक

94. 'भोजन' कथाक नायिका थिकीह

(A) लिली रे
(B) विभारानी
(C) ममता
(D) चन्द्रमुखी

95. राजमोहन झा निवासी छलाह –

(A) दरभंगा जिलाक
(B) सहरसा जिलाक
(C) मधुबनी जिलाक
(D) वैशाली जिलाक

96. शक्तिक उपासक कहाइत छथि –

(A) शाक्त
(B) शैव
(C) तांत्रिक
(D) मांत्रिक

97. 'जगरनाथ' शब्दक शुद्ध रूप होइछ –

(A) जग्रनाथ
(B) जगर्नाथ
(C) जगन्नाथ
(D) जग्गन्नाथ

StudyRaw.Com

98. 'बिसरब' क्रियासँ विशेषण बनैछ –

(A) बिसृत

(B) बिसरल

(C) विस्मृत

(D) उक्त तीनू

99. ''कहिओ–कहिओ कमलूकेँ अधकपारी होइत छनि'' उदाहरण थिक –

(A) समयवाचक क्रिया विशेषण

(B) अवधिवाचक क्रिया विशेषण

(C) आवृत्ति बोधक क्रिया विशेषण

(D) भाववाचक क्रिया विशेषण

100. 'पद्मश्री' उपाधि देल गेल रहनि –

(A) गंगा देवीकेँ

(B) शशिकला देवीकेँ

(C) हरि प्रसाद मिश्रकेँ

(D) उपेन्द्र महारथीकेँ

## खण्ड – ब

## विषयनिष्ठ प्रश्न

### उत्तर मैथिली (तिरहुता अथवा देवनागरी) मे लिखू।

1. निम्नलिखितमे कोनो **एक** विषय पर निबन्ध लिखू : (लगभग 250–300शब्दमे ) 1 × 10 = 10

(क) पुस्तकालय

(ख) राष्ट्रवाद

(ग) कृषि समस्या

(घ) हम महापुरुष होइ

(ङ) दीपावली

2. निम्नलिखितमे कोनो एक प्रश्नक उत्तर दिअ : $1 \times 7 = 7$

(क) छात्रावासमे अनुशासित रहबाक लेल छोट भाइकेँ पत्र लिखू।

(ख) एकाएक बोखार लागि गेलाक कारणें प्रधानाध्यापक/प्राचार्यसँ छुट्टी लेल आवेदन करू।

3. उपयुक्त शीर्षक दैत निम्नलिखितमे कोनो दू उद्धरणक संक्षेपण करू : $2 \times 4 = 8$

(क) प्राचीन कालमे जीवनक आवश्यकता सीमित छलैक कारण लोक सादा जीवन आ सादा रहन–सहनकेँ अपनौने छल, मुदा सभ्यताक विकासक संग–संग मनुक्खक आवश्यकता बढ़य लागल। सादगीकेँ विलासिता दबा देलक आ अपन विशाल साम्राज्य स्थापित कयलक। आवश्यकता अविष्कारक जननी थिक। अन्वेषण आरम्भ भेल। कलाक कूचीसँ महीन आमोदक वस्तुक निर्माण सुलभ भए गेल अछि। सूती, रेशमी आ उनी वस्त्रक व्यवसाय बढ़ल। कृषिक हेतु औजारक उत्पादन उद्योगकेँ उत्साहित कयलक।

(ख) आइ काल्हि वातावरणमे चारू कात अनुशासन छिरिया गेल अछि। जकरा बान्हब आवश्यक अछि। एहन बात नहि छैक जे एकरा रोकल नहि जा सकैछ, एकरा रोकबा लेल दृढ़ इच्छा शक्तिक आवश्यकता छैक। बिनु भेद–भाव कयने जौं प्रशासन अनुशासन भंग कएनिहारकेँ कठोरसँ कठोर दण्ड देअय तऽ थोड़हि दिनमे समाज पटरी पर आबि जायत। अनुशासन भंग कयनिहार टाकु जकाँ सोझ भए जायत, मुदा बीचमे आबि जाइत अछि मानवाधिकारक कानून। हम ई नहि कहैत छी जे कानूनक पालन नहि हो, मुदा समाजक हितक ध्यानमे रखैत एहि ठामक लोक भेड़ियाधसान

StudyRaw.com

अछि। अन्धानुकरणमे आगू रहैछ। तैँ आवश्यक जे नेतालोकनि अनुशासित व्यक्तिक आचरण समाजमे देखाबथि।

(ग) देशप्रेम सब तरहेँ आवश्यक, स्वाभाविक आ महत्त्वपूर्ण अछि। एहि प्रेमकेँ अक्षुण्य बनाकए राखक हेतु देशवासीकेँ उद्यत रहब उचित अछि। एहि पुनीत कार्य लेल स्वार्थक त्याग करब सर्वथा उचित थिक। तन–मन–धन आ मनसा–वाचा–कर्मणा लागि कए स्वदेश प्रेमकेँ अपना कए चलने देश थोड़हि दिनमे उन्नति कए सकैछ। संगहि–संग ओहि व्यक्तिसँ सावधान भए चलक चाही जे स्वेदश सेवाक पाखंड रचि अपन पाँचो आङुर घीमे रखैछ।

(घ) आइ काल्हि नीक लोकक संख्या बहुत कम भेटत। ओहूमे चरित्रवान व्यक्तिक संख्या तऽ आर कम, मुदा भारतक इतिहास तऽ सच्चरित्र व्यक्तिक जीवन गाथासँ भरल–पूरल अछि। राम, सीता, भरत, शिवाजी, गाँधी इत्यादि चरित्रवान व्यक्ति आलोकसँ दुश्चरित्रक प्रकाश मिझा जाइत अछि। चरित्रवान धर्मोपदेशकक अमृतवाणी श्रवण कए चरित्रभ्रष्ट –व्यक्ति अपन पाप धो कय निर्मल भए जाइछ। एहिमे एक अद्‌भुत आकर्षण छैक जे अनायासहि अनकोकेँ अपना दिसि खींच लैत छैक। सच्चरित्र व्यक्तिमे चुम्बकीय आकर्षण होइछ जे केहनो व्यक्तिकेँ अपना तरफ बिनु खींचने नहि रहैछ।

4. निम्नलिखितमे कोनो **एकटाक** आशय लिखू : $1 \times 5 = 5$

(क) कालकूट घट पीबि सुधा–रस जगमे बाँटि सकैछ

मर्त्य–लोकसँ देवलोक धरि नेता ओ कहबैछ।

StudyRaw.Com

(ख) अपन समान सभके ँ बुझबाक बात अपन संस्कृतिक एहन विशेषता थिक जे विश्वमे कतहु आन ठाम नहि अछि। एहने लोक संरक्षक प्रतिष्ठापक आ नीक मनुक्ख होइये। बाबा एहने लोक छलाह।

5. निम्नमे कोनो <u>पाँच</u> लघूत्तरीय प्रश्नक उत्तर दिअ : $5 \times 2 = 10$

i. बाबाकँ अगहन मास किएक नीक लगैत छलनि ?

ii. शिव आ विष्णुक पूजा कोना होइत अछि ?

iii. अम्बेदकर मंत्री पदसँ त्यागपत्र किएक देलनि ?

iv. रौदी ककरा कहैत छैक।

v. ''बूंदे–बूंदे घैल भरै छै'' तकर की मतलब होइछ ?

vi. भरदुतियामे भाइके ँ भोजन करैबा लेल कोन तरहक इन्तजाम करैत अछि बहीन ?

vii. टैम्पू चालक 'क्रैक' नामसँ जानल जाइत छल, किएक ?

viii. सुभद्र झाक इच्छा डॉक्टरी पढ़बाक रहनि, मुदा ओ किएक नहि भऽ सकलनि ?

ix. चम्पारण आन्दोलनसँ की सभ लाभ भेल ?

x. 'अरिपन'क अर्थ लिखू आ कोन–कोन समयमे देल जाइछ ?

6. निम्नलिखितमे कोनो दू दीर्घोत्तरीय प्रश्नक उत्तर दिअ। $2 \times 5 = 10$

(क) भारत स्वतंत्रता संग्रामपर एक संक्षिप्त निबंध लिखू।

(ख) गोदावरी दत्तक जीवनी संक्षेपमे लिखू।

(ग) 'समय–साल' कविताक भावार्थ लिखू।

(घ) 'रौदी अछि' कविताक माध्यमे कवि आम लोकके ँ कर्त्तव्य–बोध करबैत छथि, कोना ?



StudyRaw.Com